

AVI KONSÈNAN VALÈ PWOPRIYETE OU A
Ane Fiskal 2019-20
(Sa a pa yon bòdwo.)

15 janvyè 2019

Pwopriyete

Adrès Pwopriyete a

Minisipalite: _ Blòk: ___ Pasèl: ___

Klas Taks: _ Klas Bilding: ___ Inite: _

YON APÈSI SOU AVI KONSÈNAN VALÈ PWOPRIYETE
(NOTICE OF PROPERTY VALUE, NOPV)?

Valè nan Mache a pou 2019-20: \$ _____

Valè yo Estime li pou 2019-20: \$ _____

Egzanpsyon sou takspwopriyete ou a: _____

Gade anba a pou yon estimasyon taks sou pwopriyete ou a pou 2019-20.

KISA AVI SA A YE?

Sa a se avi konsènan valè pwopriyete, oswa NOPV, chak ane ou a.
Li pa yon bòdwo, epi pa gen okenn peman ki obligatwa. Avi a ap:

- Ba ou enfòmasyon konsènan evalyasyon nou sou pwopriyete ou a pou ane fiskal 2019-20 an, epi li di ou kijan pou w konteste si ou kwè gen yon erè.
- Eksplike kijan yo kalkile taks sou pwopriyete.
- Bay yon estimasyon sou taks pwopriyete ou pou ane fiskal 2019-20 an.

Tanpri kenbe yon kopi avi sa a nan dosye w. Epitou, ou kapab gade NOPV ak bòdwo taks sou pwopriyete ou a sou entènèt nan www.nyc.gov/nopv.

TAKS SOU PWOPRIYETE ESTIME POU ANE 2019-20

Nou pa ka kalkile taks pwopriyete ou pou ane 2019-20 an toutotan konsèy minisipal la poko etabli nouvo to taks la. Toutotan yo poko fè sa, w ap peye to pou 2018-19 la. Anpil faktè enfliyans montan taks ou, tankou nenpòt ki egzanpsyon ak rabè ou te resevwa.

Tablo ki anba a estime kantite lajan ou pral dwe lè ou miltipliye valè taksab pwopriyete ou a pa to taks kounye a ki se ____%. Tablo sa a la sèlman pou bay enfòmasyon; montan egzat ou dwe a kapab diferan, selon to taks ane 2019-20 an ak valè egzansyon ak rabè ou yo.

Ane	Valè Taksab		To taks		Taks sou Pwopriyete
2019-20	\$ _____	x	._____	=	\$ _____

DAT ENPÒTAN

1ye Mas 2019

Dènye jou pou konteste valè yo estime pwopriyete ou a. (Pwopriyete klas 2 & 4.)

15 Mas 2019

Dènye jou pou konteste valè yo estime pwopriyete ou a oswa valè li sou mache a. (Pwopriyete klas 1).

15 Mas 2019

Dènye jou pou aplike pou yon egzansyon fiskal.

3 avril 2019

Dènye jou pou konteste valè pwopriyete ou sou mache a. (Pwopriyete klas 2 & 4.)

1ye jiyè 2019

Ane fiskal 2019-20 la kòmanse.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou sitwèb

www.nyc.gov/nopv

KIJAN YO KALKILE TAKS SOU PWOPRIYETE OU YO

Yo detèmine taks sou pwopriyete yo ak yon fòmil konplèks ki konsidere plizyè montan ak kalkil. Ale sou www.nyc.gov/nopv pou jwenn plis enfòmasyon sou evalyasyon pwopriyete ak taksasyon.

SA POU W FÈ SI POU PA DAKÒ AK VALÈ SA YO

Konteste valè pwopriyete ou sou mache a ak Depatman Finans	Konteste valè yo estime pwopriyete ou a ak Komisyon Fiskal Vil New York
<p>Si ou kwè Depatman Finans te fè yon erè nan detèminasyon li sou valè pwopriyete ou a nan mache a, ou ka soumèt yon fòm "Demann pou Egzamen". Fòm sa a disponib nan www.nyc.gov/nopv, oswa lè ou rele 311.</p> <p>Plizyè pwopriyete konsidere konteste valè pwopriyete yo sou mache a ak lespwa pou redwi taks sou pwopriyete yo. Sepandan, taks sou pwopriyete ou pa pral desann sof si ou ka pwouve valè pwopriyete ou sou mache ou ta dwe pi ba pase valè li sou mache efikas la.</p> <p>Dat limit pou depoze yon kontestasyon:</p> <p>Pwopriyete klas 1: 15 Mas 2019 Tout Lòt Pwopriyete: 1ye avril 2019</p>	<p>Ou gen dwa pou konteste valè yo estime pwopriyete ou a ak Depatman Fiskal Vil New York, yon ajans endepandan ki pa fè pati Depatman Finans. Komisyon taks la gen otorite pou diminye valè yo estime pwopriyete w la, chanje klas taks li yo, epi ajiste ekzanpsyon taks ou yo. Komisyon taks la pa ka chanje valè pwopriyete ou a sou mache a, deskripsyon pwopriyete a, oswa klas bilding lan.</p> <p>Nou dwe resevwa aplikasyon an avan dat limit pou depoze li a. Pou jwenn aksè nan fòm kontestasyon Komisyon Fiskal la, ale sou www.nyc.gov/taxcommission. Epi ou ka ale nan yon sant biznis Depatman Finans la (w ap jwenn adrès yo nan www.nyc.gov/nopv). Pou jwenn plis enfòmasyon, rele 311.</p> <p>Dat limit pou depoze yon kontestasyon:</p> <p>Pwopriyete klas 1: 15 Mas 2019 Tout Lòt Pwopriyete: 1ye Mas 2019</p>

TANPRI VERIFYE: DETAY PWOPRIYETE OU A

Depatman Finans gen enfòmasyon sa yo nan dosye li pou pwopriyete w la. Tanpri verifie enfòmasyon sa yo epi si w wè nenpòt ki erè, depoze yon fòm "Demann pou Modifikasyon" pou di nou sa. W ap jwenn fòm sa a nan www.nyc.gov/nopv oswa lè ou rele 311.

Pwopriyete: _____		Klas Bilding: _____
Zonaj Prensipal _____	Fasad Teren an _____	Pwofondè Teren an _____
Pye Kare Teren an _____	Fòm Teren an _____	Kalite Teren an _____
Pwoksimate _____	Fasad Bilding lan _____	Pwofondè Bilding lan _____
Kantite Bilding _____	Estil _____	Ane Konstriksyon _____
Kondisyon eksteryè _____	Pye Kare Fini _____	Pye Kare pa Fini _____
Inite Komèsyal _____	Pye Kare Komèsyal _____	Inite Rezidansyèl _____
Kalite Garaj _____	Pye Kare Garaj _____	Kalite Sousòl _____
Pye Kare Sousòl _____	Kalite Sousòl _____	Kalite Konstriksyon _____
Mi eksteryè _____	Kantite Etaj _____	

KI SA KI CHANJE: KONPARE ANE FISKAL 2018-19 AK 2019-20

	Ane aktyèl (2018-19)	Ane pwochen (2019-20)	Chanjman
Valè nan Mache a	\$ _____	\$ _____	+/- \$ _____
Pousantaj Evalyasyon	____%	____%	--
Valè yo Evalye li	\$ _____	\$ _____	+/- \$ _____
Valè Mache Efikas la	--	\$ _____	--
Valè Egzanpsyon	\$ _____	\$ _____	+/- \$ _____
Valè Taksab	\$ _____	\$ _____	+/- \$ _____

EGZANPSYON FISKAL POU PWOPRIYETÈ YO

Minisipalite Vil New York la ofri rediksyon sou taks pou moun aje, veteran, legliz, moun ki gen andikap, ak plis toujou. Anplis rediksyon sou taks ou, plizyè egzanpsyon ka ede anpeche ou gen vant poze-sele. Gade nan fèy ki nan anvlòp la pou jwenn plis enfòmasyon konsènan vant poze-sele.

Dat limit pou aplike pou egzanpsyon pwopriyete a se 15 Mas, 2019. Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou www.nyc.gov/nopv oswa rele 311.

Gouvènman Eta New York la ofri yon avantaj STAR ki kouvri plizyè pwopriyete ak yon benefis STAR Amelyore pou moun aje yo. Si ou aplike avèk eta a pou kredi STAR oswa STAR Amelyore kredi apre 15 mas 2015, kredi a pa pral parèt sou avi sa a. Ale sou www.tax.ny.gov/star pou jwenn plis enfòmasyon.

KOPERATIV/KONDOMINYÒM RABÈ FISKAL

Pwopriyete inite koperativ ak kondominyòm yo ka resevwa yon rabè ki pral ede yo ekonomize lajan sou taks sou pwopriyete yo. Inite w la dwe nan yon bilding ki kalifye epi li dwe rezidans prensipal ou.

Ajan k ap jere pwopriyete ou a oswa konsèy administrasyon an dwe aplike pou ou epi sètifye apatman an se rezidans prensipal ou. Dat limit la se 15 fevriye 2019. Tanpri kontakte ajan k ap jere pwopriyete ou a oswa konsèy administrasyon an ak nenpòt kesyon.

Si ou bezwen plis enfòmasyon, oswa si ou pa gen yon ajan k ap jere pwopriyete ou a, kontakte Depatman Finans nan nyc.gov/contactcoopabat, oswa rele 311.

FASON POU JWENN ÈD

KONTAKTE DEPATMAN FINANS

Si ou gen kesyon sou nenpòt nan enfòmasyon ki nan avi sa a, kontakte Depatman Finans Vil New York:

Sou entènèt: www.nyc.gov/nopv

Telefòn: Konpoze 311. (deyò Vil New York oswa pou Sèvis Relè, rele nimewo 212-639-9675.)

Kourye: NYC Department of Finance
Correspondence Unit
1 Centre St, 22nd Fl
New York, NY 10007

Fas-a-Fas: Ale nan yon sant biznis Depatman Finans la (w ap jwenn adrès yo nan www.nyc.gov/nopv) oswa ale nan yon aktivite sansibilizasyon Depatman Finans (detay yo anba a).

AKTIVITE SANSIBILIZASYON DEPATMAN FINANS

Resevwa èd fas-a-fas ak avi sou valè pwopriyete ou a. Rele 311 oswa ale sou www.nyc.gov/nopv pou konfime dat ak adrès yo epi jwenn lòt aktivite ki gen nan minisipalite ou a. Pote NOPV ou a nan aktivite an.

AKTIVITE NAN MATEN (10 ZÈ DI MATEN JISKA MIDI)	
5 Fevriye Bronx	Bronx Borough President's Office 851 Grand Concourse, Rotunda
6 Fevriye Manhattan	David N. Dinkins Municipal Building 1 Centre Street, Mezzanine North
7 Fevriye Brooklyn	Brooklyn Borough Hall 209 Joralemon Street
12 Fevriye Queens	Queens Borough Hall 120-55 Queens Blvd, Atrium
14 Fevriye Staten Island	Staten Island Borough Hall 10 Richmond Terrace, Room 125

AKTIVITE NAN ASWÈ (5 KÈ A 7 TÈ DISWA)	
13 Fevriye Manhattan	David N. Dinkins Municipal Building 1 Centre Street, Mezzanine North
19 Fevriye Brooklyn	Brooklyn Borough Hall 209 Joralemon Street
20 Fevriye Queens	Queens Borough Hall 120-55 Queens Blvd, Atrium
21 Fevriye Bronx	Bronx Borough President's Office 851 Grand Concourse, Rotunda
25 Fevriye Staten Island	Staten Island Borough Hall 10 Richmond Terrace, Room 125

BIWO DEFANSÈ KONTRIBYAB LA

Si ou te fè yon efò rezonab pou rezoud yon pwoblèm taks ak Depatman Finans, men ou santi ou pa te resevwa yon repons ki satisfèzan, Biwo Defansè Kontribiyab la ka ede. Pou jwenn èd, ale sou www.nyc.gov/taxpayeradvocate epi ranpli Fòm DOF-911, "Mande Biwo Defansè Kontribiyab la Èd."

Imèl: DOFTaxpayerAdvocate@finance.nyc.gov

Rele: 212-312-1800

Kourye: NYC Office of the Taxpayer Advocate, 253 Broadway, 6th Floor, New York, NY 10007

Si ou bezwen yon aranjman pou andikap oswa pou yon pwoblèm medikal pou ou kapab aplike pou yon sèvis oswa pou ou kapab resevwa sèvis la oswa pou ou kapab patisipe nan yon pwogram Depatman Finans ofri, nou envite ou pou kontakte Fasilitatè Sèvis Andikap la nan www.nyc.gov/contactdofeeo oswa rele 311.